

VIL NEW YORK
BIWO OPERASYON MAJISTRA A
AVI
RAPÒ ANYÈL KONSOLIDE SOU PÈFÒMANS AK EVALYASYON 2021
(CAPER), ak
AMANNMAN PLAN ESTRATEJIK HOPWA 2022-2025

POU TOUT AJANS, KONSÈY KOMINOTÈ, GWOUP AK MOUN KI ENTRESE YO:

Biwo Operasyon Majistra a anonse yon peryòd kòmantè piblik **15- jou** pou Rapò Anyèl Pèfòmans ak Evalyasyon Plan Konsolide 2021 an (Consolidated Plan Annual Performance and Evaluation Report, CAPER) ak yon peryòd kòmantè piblik **30- jou** pou Amannman Plan Estratejik HOPWA 2022-2025.

Rapò Anyèl sou Pèfòmans ak Evalyasyon Plan Konsolide 2021 (CAPER) se pèfòmans Vil New York sou itilizasyon fon ki soti nan kat (4) pwogram sibvansyon dwa ak fòmil Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini, Biwo Planifikasyon ak Devlopman Kominotè (HUD-CPD): Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè (CDBG), Patenarya Envestisman HOME (HOME), Sibvansyon pou Solisyon Ijans (ESG) ak Opòtinite Lojman pou Moun ki gen SIDA (HOPWA). Pèfòmans lan baze sou fon ou resevwa, angajman ak reyalizasyon ki te fèt konsènan itilizasyon fon sa yo pandan ane pwogram 2021 an, 1ye Janvye 2021 rive 31 Desanm 2021.

An 2021, Vil la te resevwa apeprè **\$309,380,423** nan kat (4) pwogram sibvansyon fòmil HUD yo; **\$176,648,890** pou CDBG, **\$74,450,389** pou HOME, **\$43,481,723** pou HOPWA, ak **\$14,799,421** pou ESG.

Biwo Operasyon Majistra a anonse yon peryòd kòmantè piblik **15- jou** ki pral kòmanse **27 Oktòb 2022** jiska **10 Novanm 2022**. Ou ka jwenn aksè nan CAPER 2021 Vil la sou [sitwèb](#) Biwo Operasyon Majistra a.

Kòmantè alekri sou Rapò Pèfòmans ak Evalyasyon Plan Konsolide 2021 (CAPER) ka soumèt bay Madam Lisa Rambaran swa pa mwayen imèl ConPlanNYC@cityhall.nyc.gov oswa nan Biwo Operasyon Majistra a, 253 Broadway, 10th Floor, New York, New York 10007.

Yo pral rezime tout kòmantè ou resevwa yo epi repons ajans yo pral fè pati soumisyon ki voye bay HUD a.

Amannman Plan Estratejik HOPWA 2022-2025:

Gras ak revizyon nan zòn estatistik metwopolitèn yo (OMB Bilten No. 18-04) Biwo Jesyon ak Bidjè te pibliye, konpozisyon Divizyon Metwopolitèn yo nan Zòn Estatistik Metwopolitèn yo (MSA) nan Vil New York-Newark-Jersey, NY-NJ-PA pral chanje apati Ane Fiskal Federal (FFY) 2022. Selon Bilten OMB No. 18-04 ak 42 U.S.C. 12903(c)(2)(B), jiridiksyon HOPWA EMSA nan Vil New York pou FFY 2022 ak alokasyon ki vin apre yo gen ladan

konte sa yo: 1) Bronx, 2) Kings, 3) New York, 4) Queens, 5) Richmond, 6) Putnam, 7) Rockland, ak 8) Westchester.

Konte Middlesex, NJ; Konte Monmouth, NJ; ak Konte Ocean, NJ, ki te deja fè pati jiridiksyon EMSA NY, pral fè pati kounye a Divizyon Metwopolitèn New Brunswick Lakewood, NJ pou FFY 2022 ak alokasyon HOPWA ki vin apre yo. Komin Lakewood, NJ, kalifye pou sèvi kòm benefisyè sibvansyon HOPWA pou nouvo EMSA sa a.

Konte Orange, NY, ki te deja fè pati jiridiksyon EMSA NY, pral kouvri kounye a grasa ekilib HOPWA nan zòn sèvis eta nan NYS yo pou FFY 2022 ak alokasyon ki vin apre yo. Mete sou sa, Konte Putnam ki te deja fè pati ekilib HOPWA nan zòn sèvis eta nan NYS la, kounye a se yon pati nan jiridiksyon EMSA nan NYC pou FFY 2022 ak alokasyon ki vin apre yo.

Apati FFY 2022, Vil la pral ajoute Idantifikasyon Resous, yon nouvo objektif HOPWA pou sipòte efò anrapò ak devlopman resous lojman yo, kowòdinasyon sistèm, depans fòmasyon HOPWA, ak evalyasyon anrapò ak bezwen lojman VIH/SIDA.

Biwo Operasyon Majistra a anonse yon peryòd kòmantè piblik **30- jou** ki pral kòmanse **27 Oktòb 2022** jiska **25 Novanm 2022**. Ou ka jwenn aksè nan Amanman Plan Estratejik HOPWA 2022-2025 la sou [sitwèb](#) Biwo Operasyon Majistra a.

Kòmantè alekri ka soumèt bay Madam Lisa Rambaran swa pa mwayen imèl ConPlanNYC@cityhall.nyc.gov oswa nan Biwo Operasyon Majistra a, 253 Broadway, 10th Floor, New York, New York 10007.

Yo pral rezime tout kòmantè ou resevwa yo epi repons ajans yo pral fè pati soumisyon ki voye bay HUD a.

Vil New York:

Eric Adams, Majistra
Dan Steinberg, Direktè, Biwo Operasyon Majistra a

Dat: 20 Oktòb 2022